



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO FÈ SOU RÈGLEMAN POTANSYÈL IRS AP METE SOU DEDIKSYON SALT YO

“Gouvènman federal la te pwomilge yon pwojè lwa katastwofik sou taks ki priyore kòporasyon yo parapò a pèp la epi yo espesifikman sible New York ak lòt eta Demokratik yo avèk eliminasyon dediktibilite konplè taks eta ak taks lokal la (State and Local Tax, SALT). New York te premye eta ki te pran mezi pou pwoteje rezidan nou yo kont atak ostil sa a epi asire yo pa itilize fanmi New York la yo kòm yon ja pou yo ka peye pou rediksyon yo ap fè sou taks pou gran kòporasyon yo.

Kounye a, administrasyon an sanble prè pou yo atake ankò atravè nouvo règleman fiskal yo, sa k ap montre vrè ostilite yo genyen kont Nouyòkè yo ak kontribiyab klas mwayèn lan yo. Li patikilyèman iwonik ke Donald Trump nan Long Island jodi a pandan ke otorite fiskal Sèvis Revni Entèn lan (Internal Revenue Service, IRS) vize je yo sou pwopriyete kay Long Island lan yo.

Fò n pa twonpe nou: Nou te lite epi nou pral kontinye lite kont misil ekonomik sa a avèk tout nanm nou. Yo pa dwe itilize IRS kòm yon zam politik, epi mwen ankouraje administrasyon sa a pou l sispann atak patizàn y ap fè sou Nouyòkè yo epi olye de sa yo dwe travay avèk nou pou nou pote soulajman reyèl, dirab pou fanmi k ap travay di yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)